



Deklarasyon IUYA sou fen TPS pou Ayisyen ak Siryen yo

Kounye a, ou deja okouran de nouvell la. Tribinal Siprèm Etazini an otorize pou administrasyon Trump lan mete fen nan Estati Pwoteksyon Tanporè pou plizyè santèn milye imigran ayisyen ak siryen. Dèyè chak desizyon legal gen moun reyèl, paran, travayè, elèv, vwazen, ak lidè kominotè ki te bati lavi yo isit la, ki te leve fanmi yo isit la, epi ki te kontribye nan kominote yo adapte antanke lakay yo.

Nou fache anpil. Epi ou ta dwe fache tou.

Indiana Undocumented Youth Alliance (IUYA) kondane desizyon sa a san ezitasyon. Sa a pa règleman. Sa se mekanste. Nou p ap nòmalize li, nou p ap aksepte li, epi nou p ap sispann goumen.

Pou frè ak sè ayisyen ak siryen nou yo: nou wè nou, nou kanpe avèk nou, epi nou p ap fè yon pa kita yon pa nago.

IUYA egziste paske imigran nan Indiana gen dwa pou yo lib. Lib pou rete. Lib pou konstwi. Lib pou chwazi avni fanmi yo san laperèz. Sa te toujou misyon nou, epi administrasyon sa a p ap chanje sa.

Nou konnen anpil fanmi ap fè fas ak ensètitud ak kesyon difisil sou sa ki pral vini apre. Ou pa oblije travèse sa poukont ou. Si ou menm oswa yon moun pwòch ou afekte nan desizyon sa a, konnen gen yon rezo òganizasyon atravè Indiana ki pare pou sipòte ou.

Indiana Undocumented Youth Alliance (IUYA)

- **Fon Sipò Fanmi:** Èd finansye disponib pou fanmi ki kalifye san papyè ak fanmi ki gen estati melanje atravè Indiana k ap fè fas ak ijans ki gen rapò ak imigrasyon.
- **Resous Konnen Dwa Ou yo:** Aksede materyèl ou ka fè konfyans sou Konnen Dwa Ou yo, tankou resous ACLU, enfòmasyon sou entèraksyon ak ICE, ak gid pou fanmi imigran yo.

- **Avoka Imigrasyon Ou Ka Fè Konfyans:** Sit entènèt nou an gen yon lis avoka imigrasyon verifye ki ka ede w eksplòre opsyon legal ki baze sou sikonstans pèsonèl ou. Nou ankouraje nenpòt moun ki afekte pa desizyon sa a pou yo pa pran desizyon imigrasyon ki baze sou rimè oswa rezo sosyal. Chak ka diferan. Pale ak yon avoka imigrasyon ou fè konfyans oswa yon founisè sèvis legal akredite anvan ou pran desizyon.
- **Resous Kominotè Adisyonèl:** Vizite paj Resous nou an pou jwenn enfòmasyon sou planifikasyon ijans, sipò legal, ak sèvis kominotè ki disponib atravè Indiana.

Vizite: <https://www.iuya.org/resources/>

IndianaAID

Si yon moun pwòch ou ki nan detansyon nan men ICE, IndianaAID ka ede fanmi yo jwenn kote moun ki nan detansyon an ye, rete an kontak, bay sipò pou manje, epi navige pwosesis detansyon an.

Aprann plis: <https://www.indianaaid.org/>

Midwest Immigration Bond Fund (Fon Midwès pou Kosyon Imigrasyon)

Pou moun ki kalifye pou soti nan detansyon imigrasyon, Midwest Immigration Bond Fund petèt kapab ede ak sipò pou kosyon imigrasyon, pou ede fanmi yo reyini pandan dosye yo nan tribinal.

Aprann plis: <https://www.mibfc.org/gethelp>

Indy Rapid Response Network (Rezo Repons Rapid Indy)

Si ou temwen aktivite ICE oswa ou bezwen rapòte aplikasyon lalwa nan kominote w la, kontakte Indy Rapid Response Network.

Swiv yo sou Instagram oswa Facebook: @IndyRapidResponse

Si ou wè ICE, rele Liy Liy Dirèk la: 855-589-4639

Ansanm, nou ka asire kominote nou yo gen enfòmasyon yo bezwen pou prepare, reponn, epi pwoteje youn lòt.

Kounye a se pa moman pou gade lòt direksyon. Kounye a se moman pou parèt plis pase tout tan. Si ou pa afekte dirèkteman pa desizyon sa a, se moman ou pou aji.

Kominote nou yo te toujou konte youn sou lòt, epi jodi a pa diferan. Don ou bay ede bay asistans finansye ijans, referans legal ou ka fè konfyans, edikasyon Konnen Dwa Ou, ak sipò dirèk pou fanmi san papye ak fanmi ki gen estati melanje atravè Indiana k ap fè fas ak ensètitid.

Chak grenn dola ede nou reponn lè kominote nou an bezwen nou plis.

Fè yon don jodi a:

https://donorbox.org/donateiuya-2-2?utm_source=ig&utm_medium=social&utm_content=link_in_bio

Nou la. Nou ap goumen. Epi nou poko fini.